

# KREYE YON PLAN!

Li inpòtan pou elèv yo kòmanse bonè pou planifye lavi yo apre lekòl segondè. Pou sipòte elèv yo nan planifikasyon pou lavni yo, angaje yo nan 4 E sa yo - EKSPLOZE, EKSPLORE, EKSPERIMANTE, EGZEKITE - pou ankouraje yo eksplòre interè ak opsyon yo gen nan karyè, epi devlope yon plan pou reyalize objektif yo:



## EKSPLOZE

**EKSPLOZE** elèv ou a ak divès kalite karyè ki posib ak chwa ki disponib.

Aktivite yo ka gin ladan yon vizit nan espas travay oswa ale nan fwa inivèsite oswa karyè.



## EKSPLORE

Ede elèv ou yo **EKSPLORE** karyè ak opsyon apre lekòl segondè yo interese ladan epi ankouraje yo aprann plis sou yo.

Aktivite yo ka gen ladan fè entèvyou ak yon moun ki ap travay nan yon karyè ki enterese elèv ou a, ofri tèt li kòm benevòl pou yon gwoup an patikilye, oswa vizite yon kanpis kolèj.



## EKSPERIMANTASYON

Ankouraje elèv ou a pou li fè **EKSPERIMANTASYON** avèk diferan konpetans ak interè pou dekouvri sa li rinmen.

Aktivite yo ka gin: suiv yon moun nan travay li, rantre nan yon klib pou yon karyè an patikilye, oswa patisipe nan yon estaj.



## EGZEKITE

Ede elèv ou **EGZEKITE** plan li te fè a.

Aktivite yo ka gen ladan yo aplike nan kolèj, ranpli fòm FAFSA a, kreye yon rezime, oswa aplike pou travay.